Volume 4, Issue1

May 11th, 2009



BRINGING HOPE TO THE FUTURE

**PROJECT TRANSITION TFRANSFORMERS**

# BYEN VENI



Nou rekòmanse yon lòt tèm ankò avèk anpil lajwa. Nou ap pwofite okazyon sa pou nou di byen veni a tout etidyan e pwofesè nou yo. Desizyon nou pran pou n chèche yon lavi miyò pou nou ak fanmi n se yon bagay ki apresyab. Nou konnen chak pa nan chemen la vi a mande anpil sakrifis. Nan chak pa w-ap fè, Pwojè Tranzisyon la pou ede w. Ak tout kè nou, nou swete w anpil siksè nan nouvo semès la. Nou pap sispann ankouraje w pwofite pran tout avantay posib Pwojè Tranzisyon genyen pou ofri w.

**Schedule Change**

**KLAS TABE**
Lendi & Mèkredi
10:00 A.M.—12:00 PM.

Mardi & Jedi
10:00 A.M.—12:00 P.M.

Gold Coast Community School
4260 Westgate Ave.
Room 210

Nou menm nan Pwojè Tranzisyon, li se yon gran plèzi pou nou, lè nou ansanm nan klas, oubyen lòt kote.



Etidyan ki nan klas angle avanse yo pase yon bèl nwit nan City Place ak pwofesè Lynne Vainberg. Aprantisaj kapab trè amizan.

## West Palm Beach
## AP SELEBRE JOUNEN MONDyAL REFUGYE YO 20 JWEN



Forest Hill High School ansanm ak reprezantan anpil lòt òganizasyon k-ap sèvi refijye, ap vini an foul nan jou sa. Jou sa pwal yon trè gran evènman. Se yon fèt ki GRATIS, e tout moun ka patisipe, menm mou ki pa fefijye. Pwogram nan ap kòmanse a 11:00 A. M.

Ap genyen anpil aktivite kiltirèl tankou chante, dans e ap genyen anpil atis ki ap jwe pou nou nan jou sa. N-ap gen chans pou n achte bon jan manje ak bwason nan men machann ki ap prezan nan jou sa tou.

Vini avèk tout fanmi n, paske ap gen anpil bon kado pou plis ke 130 timoun.

Pwojè Tranzisyon ap vrèman apresye presans ou nan gran jou fèt sa.

### Kisa Jounen Mondyal Refijye a ye

Nan ane 2000, pou montre solidarite a Afrika, asanble general nasyon ini mete jou 20 jwen an kòm Jounen Mondyal Refijye yo nan menm moman ak jounen Refijye Afrika. Depi ane 2001, nan tout kwen nan mond lan, yo kòmanse selebre jou sa avèk aktivite ki onore anviwon 10 milyon refijye nan lemond antye, e ki ka touche konsyans moun konsènan difikilte refijye yo ap rankontre.
**www.tcworldrefugeeday.org**

# Haitian Flag Day



Jou fèt-drapo yon peyi se yon gran siy fyète pou sitwayen peyi a. Ayisyen yo chwazi pou yo fete drapo peyi yo 18 Me chak ane. An Ayiti, jou fèt drapo a se yon fèt nasyonal. Nan jou sa, toujou genyen gwo Fanfa k-ap jwe bò pale nasyonal la.

Jou fèt drapo a fè tout ayisyen sonje istwa batay pèp ayisyen pou libète peyi yo.

www.discoverhaiti.com/istory00_5_1.htm



Nan karayib la, antre Kuba, Pòto Riko, e Jamayik, Zile Ayiti a divize an de nasyon endepandan: Repiblik Ayity e Repiblik Domiken.

http://www.discoverhaiti.com/history_summary.htm

## 4 jiyè



Etazini se yon peyi ki gen sitwayen ki soti nan tout lòt peyi. Chak katriyèm jou mwa jiyè, Ameriken fete libète ak indepandans peyi Etazini. Toujou gen anpil aktivite entèresan nan jousa. Nou envite tout moun pou fete avèk Ameriken yo nan jou sa; kèlkeswa nasyonalite w.




# Essay Contest

Palm Beach County Literacy Coalition an te invite tout granmoun ki ap aprann anglè pou yo ekri yon tèx sou sijè sa: “Si ou ta gen pou pase yon jou ak Prezidan Obama, ki konsèy ou tap bali?”

8 nan etidiyan ki soti nan Projè Tranzisyon te patisipe nan pwogram sa. Pou yo onore moun ki te patisipe yo, jou kite 23 avril la, yo te envite tout etidiyan ak pwofè yo nan yon dine. Moun kite la nan jou sa te gen chans pou genyen yon Prim.

Tout anplwaye Pwojè Tranzisyon yo, konseye e pwofesè, ap di “Konpliman” pou etidiyan sa yo.




Angela Bell, Pabel Garcia, Daniel Gonzalez, Yaidis Infante, Idelbis Lago, Dayana Martinez, Ada Poo, and Victor San Luis.

A word of recognition is also extended to teachers, Jim Gold, Lynne Vainberg, and Nicole Williams

# Klass Pwojè Tranzisyon ofri

*A. ESOL ( English for Speakers of Other Languages*)

- Foundations
- Low Beginning
- High-Beginning
- Low-Intermediate
- High-Intermediate
- ESOLAS (Adult ESOL Academic Skills)

*B. Classes*

- TABE Prep
- Job Readiness Workshop
- Entrepreneur Workshop
- Computer Classes

*C. Vocational*

- Manual Trades/ Apprenticeship
- Medical Support
- Computer Technology/ Software
- Human Services/ Personal Care
- Finance and Business



**Klas ESOL**

**Kalandriye evènman**

11 Me, 2009—Orientation
Premye jou klas,

Twaziём Tèm

25 Me, 2009

Jou komemorasyon

Pa gen klas

7Jiyè, 2009 Jou egzamen

9 Jiyè, 2009 - Klas fini

# Yon rezon pou nou fete

**Bòn Fèt**

05.02 Yaikel Garcia
05.10 Carlos Valdes Martinez
05.12 Santa Velazquez
05.13 Didiana Rios
05.16 Nilan Derz
05.20 Yanisleidy Quintanilla
05.23 Quenia Almenarez
05.23 Angela Bell
05.23 Graciela Rosabal
05.24 Yurizan Beltran
05.25 Urbano Torres
05.25 Valya Oliva
05.27 Rosa M. Beritan
05.31 Raynier Morales
06.01 Niurka Riverol
06.02 Danay Perez
06.05 Keilyn Fernandez
06.09 Israel Serra
06.15 Isarahy Espinosa
06.16 Yayne Cruz
06.19 Lisandra Calvo
06.24 Jose Naranjo
07.03 Avigail Gomez
07.07 Magaly Sanchez
07.06 Carlos De Armas
07.17 Carlos Valdes Hernanedz
07.18 Javier Trujillo
07.22 Angel Escobar
07.25 Yuliet Pozo

# Kalandriye

May 05 Cinco De Mayo
May 10 Mother's Day
May 15 Paraguay Independence Day
May 16 Armed Forces Day
May 18 Haitian Flag Day
May 20 Cuba Independence Day
May 25 Memorial Day
June 14 U.S.A. Flag Day
June 21 Summer Begins / Fathers Day
June 20 World Refugee Day
July 04 U.S.A. Independence Day
July 05 Venezuela Independence Day
July 09 Argentina Independence Day
July 20 Colombia Independence Day
July 25 Puerto Rico Commonwealth Constitution Day
July 28 Peru Independence Day

# To Ensure Success

## PREZANS

Chak etidyan dwe pase 70 è tan pou pipiti pou chak tèm.

Etidyanyo dwe rive likòl la a 6: 00 Pm lè klas la kòmanse a, e yo we kite lekòl la a 9:00Pm

Etidyan yo genyen 15 minit repo chak jou klas yo.

## Egzamen

Pwojè Tranzisyon itilize CASAS (Comprehensive Adult Student Assessment) pou yo konnen nivo Anglè etiyan yo.

**Etidyan ki pèdi plis ke 4 klas oubyen ki pase pi piti ke 70 è tan nan klas pap kapab pran egzamen an.**

**Sèlman etidyan ki te gen randevou pou pran egzamen CASAS la ap gen pèmisyon pou rete nan klas la jou egzamen an.**

## VIS

Si ou fè sa ki ilegal tankou ajoute sou nòt ou, oubyen pran poul, ou pap kapab benefisye pwogram nan ankò.

## PREPARASYON

Etidyan pwal gen pou l pote papye kaye, plim, kreyon pou yo travay nan klas chak jou e pou lè yo ap pran egzamen tou. Pwofesè yo kapab kenbe devwa ak lòt travay etidyan yo fè nan klas la pou montre pwogrè etidyan.

## KONPÒTMAN

Telefòn pa dwe itilize nan klas, ni resevwa visit fanmi oubyen zanmi paske bagay sa yo kapab twouble klas la. Pale zafè pèsonèl ou avèk lòt moun nan klas la, oubyen menm sa ki konsène leson klas la se move kondwit ki ka twouble klas la. La lwa Florida pa pèmèt moun fimen ni andedan, oubyen deyò lekòl yo.

**Vocabulary Learning Tip: Practice, practice, practice**. Learning a word won't help very much if you quickly forget it. It takes from 10 to 20 repetitions to really make a word part of your vocabulary. It helps to write the word and to start using the word.

# Contact Us

| | | |
|---|---|---|
| Luisa Acosta | Data Analyst | 561-687-6373 |
| Vilsaint Duverseau | Intake / Language facilitator—Creole | 561-687-6379 |
| Antonio Gomez | Intake / Language facilitator—Spanish | 561-687-6381 |
| Lesline Gregory | Secretary 1 | 561-687-6370 |
| Yenny Hurtado | Accounting Tech | 561-687-6372 |
| Alex Jean-Baptiste | Intake / Language facilitator—Creole | 561-687-6380 |
| Lisa Lindo-Anderson | Program Supervisor | 561-687-6371 |
| Neicy Morales | Testing Coordinator | 561-687-6370 |
| Silvia Olcese | Office Assistant—Part time | 561-687-6376 |
| Laura Pugh | Staff Assistant | 561-687-6378 |
| Donald Registe | ELLIS Lab Instructor– Creole Computer Class | 561-687-6382 |
| J. Eric Toussaint | Career Counselor | 561-687-6375 |
| Nicole Williams | ESOL Coordinator | 561-687-6377 |



# Laboratwa konpitè

Project Transition computer lab:

**Offering**: Ellis, Typing, Online software classes, Creole / Spanish computer class
**Days**: Monday—Friday
**Hours**: 8:00—5:00 P.M.
**Phone Numbers**: -561-687-6383
561-687-6384

## Need More Practice

## ELLIS & READING HORIZONS

Come to the Computer Lab located at :

Gold Coast Community School
4260 Westgate Ave. Room 206
West Palm Beach, FL 33409
**Days**: Monday—Friday
**Hours**: 8:00—5:00 P.M.

## Ou entèrese???

Klas pou pwononsiyasyon lang Anglè a deja kòmanse

Lendi e Mèkredi

2:00—3:00 oubyen 3:00—4:00

Si ou entèrese pou pran youn nan klas sa yo, rele nou nan 561-687-6370 pou w pale ak yon konseye, oubyen pou w siyen pou klas la.
Deziѐm sesyon an ap kòmanse 20 Me
Moun ki vin avan ap sèvi avan